



PLAN TEREN SÈTIFYE

KISA YON PLAN TEREN SÈTIFYE ?

Yon Plan Teren Sètifye se yon desen ak tenm sou li, ki trase sou yon echèl presi, ke yon apantè tè oswa yon enjenyè lisansye apwouve. Li montre yon moso tè, limit li yo, total pye kare ak lokalize tout estrikti ki egziste sou tè a tankou:

1. Lojman;
2. Teras;
3. Pisin;
4. Garaj;
5. Kloti;
6. Koulwa;
7. Kabàn;
8. Pakin.

KI LÈ OU BEZWEN YON PLAN TEREN SÈTIFYE ?

Ou bezwen yon plan teren sètifye lè w ap soumèt yon aplikasyon ki long, yon demann amannman nan plan an ak yon aplikasyon pou pèmisyon pou itilize lokal la (UOP).

KOTE OU KA JWENN YON PLAN SÈTIFYE ?

1. Nan men pwopriyetè tè a, si ou lwe yon pwopriyete;
2. Soti nan bank ipotèk oswa konpayi tè kote ou te achte tè a ak/oswa bilding lan;
3. Anboche yon apantè oswa yon enjenyè pou trase yon plan tè ki baze sou papye kay ou.

Remak: Si yon moun te deja fè oswa nan pwosesis pou fini oswa ajoute nenpòt bagay nan kay /bilding oswa pwopriyete li a ki pa parèt nan plan teren sètifye aktyèl la, w ap bezwen konsilte yon enjenyè oswa yon apantè ki gen lisans pou fè chanjman ki nesè nan plan teren sètifye ou genyen kounye a.

Si w gen nenpòt kesyon, tanpri rele 617-961-3268 oswa imèl nan@isd@boston.gov